

# KONEKTE W AK PWÒCH OU YO VITYÈLMAN

1YE  
ETAP

## CHÈCHE YON APLIKASYON

Nan Telefòn Entelijan ak Aparèy yo, w ap jwenn aplikasyon pou kominike atravè tchat videyo:


### Aparèy Apple



### Aparèy Android



Lòt aplikasyon ou ka telechaje:



Facebook Messenger



Skype



Google Hangout



WhatsApp

2YÈM  
ETAP

## KONEKTE SOU WIFI


Gade enstriksyon ki nan chanm yo, oswa mande ekip swen w lan kijan ou kapab konekte w sou rezo Wi-Fi pou envite nou an.



3YÈM  
ETAP

## RELE OSWA VOYE MESAJ TÈKS

Si w gen lentansyon itilize fonksyon videyo a sou aplikasyon an, li pi bon si w konekte w sou Wi-Fi.



## ENSTRIKSYON POU APARÈY APPLE – FACETIME



1. Nan aplikasyon FaceTime nan, konekte w sou FaceTime epi aktive l.
2. Nan pati sou anlè fenèt FaceTime nan, tape sou bouton plis la **+**.
3. Mete adrès imèl la oswa nimewo telefòn moun ou vle rele a. Ou ka gen pou peze bouton Retou [Return] nan.
4. Pou kòmanse apèl FaceTime nan, klike sou bouton Videyo [Video] a  oswa sou bouton Odyo [Audio] a .

## ENSTRIKSYON POU APARÈY ANDROID – GOOGLE DUO



1. Nan aplikasyon Duo a, konekte w sou Duo avèk nimewo telefòn ou yo epi aktive l.
2. Tape sou "chèche kontak yo [search contacts] oswa konpoze [dial]."
3. Mete adrès imèl la oswa nimewo telefòn moun ou vle rele a. Ou ka gen pou peze bouton Retou [Return] nan.
4. Pou kòmanse apèl Duo a, klike sou bouton Videyo [Video] a  oswa sou bouton Odyo [Audio] a .

Si sèl opsyon ou genyen se pou "envite [invite]", sa vle di moun nan pa gen aplikasyon Google Duo a enstale oswa li pa konekte l kidonk li ka pa kapab konekte avèk ou atravè Google Duo

**Mèsi dèske w ap ede kenbe pasyan nou yo, anplwaye nou yo ak kominote nou an, san danje.**